

Senin	Selasa	Rabu	Kamis	Jumat	Sabtu	Minggu									
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23	24	25	26	27	28	29	30	31	
Jan	Peb	Mar	Apr	Mei	Jun	Jul	Ags	Sep	Okt	Nov	Des				

Katumbiri

PPID Kudu Paham Kana Undang-undang KIP

Minangka lajuning laku tina di-terapkeunana Undang-undang No. 14 Taun 2008 ngeunaan “Keterbukaan Informasi Publik” (KIP), Pemerintah Kabupaten (Pemkab) Bandung geus medalkeun Peraturan Bupati (Perbup) Nomer 61 Taun 2011 ngeunaan “Standar Operasional Prosedur” (SOP) Layanan Informasi Publik, jeung Keputusan Bupati Nomer 487/Kep.370-BAPAP-SI/2011 ngeunaan dibenunna “Pejabat Pengelola Informasi dan Dokumentasi” (PPID).

Éta hal kaungkab waktu Badan Perpustakaan, Arsip dan Pengembangan Sistem Informasi (Bapapsi) Kab.Bandung ngayakeun Sosialisasi Undang-undang KIP pikeun PPID jeung Atasan PPID di lingkungan Pemkab Bandung, anu dilaksanakeun di Gedong Balé Kandaga-Soréang, sawatara waktu nu kaliwat.

Éta acara sosialisasi téh sacara resmi dibuka ku Asisten Perekonomian dan Kesejahteraan Rakyat Setda Kab. Bandung, H.Yayan Subarna, SH, M.Si, sarta hadir Kepala Bapapsi, Diar Irwana, SH. Nu jadi narasumberna nyéta Sékrétaris KI (Komisi informasi) Jawa Barat, Karso S, jeung Dr. Mahi M.Hikmat minangka pakar élmu komunikasi ti paguron luhur Unpad-Bandung anu ogé nyekel kalungguhan dina widang Advokasi, Sosialisasi jeungan Édukasi di KI Jabar.

Kabid Pengelolaan dan Pengembangan Informasi Bapapsi Kab.Bandung, Ir.Anita Emmayanti MT, nétélakeun, dilaksanakeunana sosialisasi téh tuju-anana pikeun ningkatkeun pama-haman para PPID katut atasan PPID kana Undang-undang KIP.

“Salah sahiji tina sakitu seueurna matéri anu didugikeun téh, di antawis-na ngeunaan katégori sarengwatesan pengecualian informasi naon baé anu henteu bisa diaksés ku pengguna informasi,” ceuk Anita Emmayanti.



Pamilon sosialisasi Undang-undang KIP (dok.humas)

Pamilon sosialisasi, ceuk Emmayanti, nyaéta PPID katut atasan PPID di saban “Organisasi Perangkat Daerah” (OPD) lingkup Pemkab Bandung. Éta kagiatan téh ogé ngaubkeun para camat jeung lurah, minangka tarékah pikeun ngaronjatkeun kualitas pelayanan informasi ka balaréa.

Dina éta kagiatan, Karso ngajéntré-keun, yén tugas jeung tanggung jawab PPID téh di antarana nangtukeun naha éta informasi téh bisa diaksés ku balaréa atawa henteu. Lamun henteu, PPID bisa nolak pamaredih informasi sacara tinulis lamun informasi anu diperedihna kaasup informasi anu diwalkeun/rusiah, kalawan dibarengan ku alesan sarta informasi ngeunaan hak jeung tata cara pikeun nu meredih geusan ngajukan “keberatan” kan ditolak-na pamaredih manéhna. Karso ogé nandeskeun, saban Badan Publik boga kawajiban nyadiakeun sarta méré informasi. Tapi lamun éta informasi téh tacan jéntré sacara gembler tur tacan didokumentasikan, PPID meunang pikeun henteu muka éta informasi ka balaréa, tanpa ngaleuwihan wates waktu anu saluyu jeung UU KIP.

Sedengkeun Mahi M. Hikmat mah nétélakeun, yén pihak bakal metakeun tindakan anu saobyéktip-obyéktipna dina ngajalankeun médiasi. Lantaran Médiasi téh mangrupa jalan pikeun ngaréngsékeun pacéngkadan informasi publik antara “nu diperedih” jeung “nu meredih” ngaliwatan bantuan médiator komisi informasi.

Dumasar catetan anu aya, KI Jabar geus nyanghareupan méh 275 kasus pacéngkadan informasi publik di kabupatén/kota, “Sangkan hal sarupa kitu teu kajadian di Kabupatén Bandung, KI miharep sangkan saban PPID di OPD bisa saénggalna ngaréspon upami aya pamaredih ti nu meredih informasi publik,” pokna. Bupati Bandung dina biantara tinulisna nétélakeun, saku-rang-kurangna aya niléy strategis anu bisa diala tina éta undang-undang. Salah sahijina nyaéta kacumponanana Hak Asasi Manusia (HAM), Hak Sipil jeung hak Politik sarta Ékonomi, Sosial, jeung Budaya. Sarta pakta geus ngabuktikeun, yén nagara anu boga undang-undang kabébasan informasi tingkat korupsi leuwih condong kurang.****dédé*